

## **PAMULANGAN DHALANG WONTEN ING PAWIYATAN HABIRANDHA KRATON NGAYOGYAKARTA HADININGRAT**

Dening: Hardian Bintang Wardana, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika ngewrat sekawan ancasing panaliten, inggih menika: (1) ngandharaken ancasing pamulangan, (2) ngandharaken *komponen* pamulangan, (3) ngandharaken *proses* pamulangan saha (4) ngandharaken asiling pasinaon. Panaliten menika winates salebeting kelas pemula Asahangginaaken *metode* panaliten *kualitatif deskriptif*. Asiling panaliten menika ngandharaken bilih ancasing pamulangan *Habirandha* menika kangge mbiwarakaken cara nyinau dados dhalang. *Komponen* pamulanganipun inggih menika, pamong ingkang ngasta ing kelas pemula A wonten rama Parjaya, rama Budi Cahyana saha rama Warsita; siswa ingkang kacatet aktif tahun 2016, wonten 19 siswa; *materi* pamulangan kaperang dados *materi teori* inggih menika kawruh pedhalangan, tatakrama, simpingan lan pangrakiting panggung sarta gangsa saha ingkang *materi praktek* inggih menika janturan, kandha carita, antawacana, suluk sekar, cepengan sabetan, dhodhogan keprakan, *iringan* saha pakeliran; *metode* pamulangan ngginaaken *metode ceramah, demonstrasi, tanya jawab, latihan, tugas saha simulasi; media* pamulangan awujud piranti pamulangan, *audio saha audio visual; evaluasi* katindakaken nalika pamulangan saha pendadaran. *Proses* pamulangan kaperang dados pamulangan *teori saha praktek*. Asiling pasinaon menika supados saged mangertosi kawruh dados dhalang, ngasilaken calon dhalang saha nglestantunaken kabudayan Jawi.

Pamijining tembung : pamulangan dhalang, *Habirandha*

### **Abstract**

*The research objectives are describing (1) the goal of puppetry learning activity, (2) puppetry learning material, (3) puppetry learning process and (4) puppetry learning achievement. This research type is descriptive qualitative. Population are 19 beginner grade A students and three teachers; Mr. Parjaya, Mr. Budi Cahyana and Mr. Warsita. The main objective in Habirandha Puppetry Studio is teaching the student to become a competent puppeteer. Learning materials are consist two types. First, theoretical material such as ; puppetry knowledge, puppetry manner, stage and musical arrangement mastery. Second, practical material such as; janturan, kandha carita, antawacana, suluk sekar, cepengan sabetan, dhodhogan keprakan, iringan saha pakeliran. There are some teaching methods which use in Habirandha ; speech method, demonstration, question & answer method, practising, doing tasks and simulation. Puppetry learning media which use in class activity are puppetry sets, audio and video materials. Evaluation conducted after learning process and examination. The result of research are comprehend the knowledge how to become a competent puppeteer and preserving the Javanese culture.*

## PURWAKA

Ringgit menika minangka warisan kabudayan asli saking Jawi. Ringgit sakmenika mboten namung gadhahipun tiyang Jawi, ananging gadhahipun sedaya tiyang wonten ing donya, amargi ringgit menika sampun dipunakeni dening UNESCO nalika tanggal 7 November 2003 minangka “*Masterpiece of Oral and Intangible Heritage of Humanity*”. Tegesipun bilih ringgit menika minangka kabudayan ingkang nengsemaken amargi ngewrat babagan cariyos *narasi* lan warisan ingkang nggadhahi *nilai* ingkang endah (Nanda, 2010: 12).

Ringgit ngrembaka sanget wonten ing tanah Jawi, satemah ndadosaken jinisipun wonten kathah. Miturut Poerwadarminta (1939: 653), wonten wolung perangan jinisipun ringgit. Wolung perangan kasebut, inggih menika ringgit beber, ringgit wacucal/ purwa, ringgit madya, ringgit gedhog, ringgit golek, ringgit krucil, ringgit potehi saha ringgit tiyang. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Nanda MH. (2010: 13-16) ngandharaken jinising ringgit ing tanah Jawi inggih menika ringgit purwa, ringgit golek, ringgit krucil, ringgit beber, ringgit gedog, ringgit suluh, ringgit titi, ringgit madya, ringgit wahyu saha ringgit tiyang. Kejawi jinising ringgit ingkang dipunandharaken dening Poerwadarminta saha Nanda ing nginggil menika, taksih kathah maneka warna jinis ringgit sanesipun.

Ringgit ugi asring dipunsebat wayang, tembung wayang miturut Sagio & Samsugi (2015: 5) tegesipun inggih menika ayang-ayang (*bayangan*) amargi ingkang

dipuntingali menika ayang-ayang wonten ing kelir. Lajeng miturut Poerwadarminta (1939 : 653) ringgit inggih menika pepethaning tiyanglan sapanunggalanipun ingkang dipundamel saking wlulang (kayu, dluwang) dipunagem kangge mujudaken cariyos (lelakon). Satemah saged dipunpendhet dudutan bilih ringgit menika pepethaning tiyanglan sapanunggalanipun ingkang dipundamel saking wlulang kangge mujudaken cariyos saha dipunsolahaken wonten ing kelir utawi geber. Umumipun lampahan wonten ing ringgit menika mendet cariyos saking serat Mahabarata lan Ramayana, ananging dhalang ugi saged ngginakaken lampahan carangan utawi *gubahan*, ugi saperangan lampahan mendet saking cariyos Panji.

Ringgit ugi kathah tuntunan lan tatananipun kangge tiyang wonten ing alam pagesangan. Wonten ing jaman wali, para wali anggenipun syiar/ nyebaraken agami Islam ugi ngginakaken ringgit minangka saranapenyebaran. Saking kawasisanipun para wali, wayang dipunangge minangka sarana supados narik kawigatosanipun para tiyang ing tanah Jawi. Para tiyang Jawi kasebut supados ngrasuk agami Islam. Ing kawontenan ingkang taksih kathah sami pitados agami Hindu, satemah para tiyang ing tanah Jawi saged kaislamaken.

Ilmu seni ingkang ngewrat bab pagelaran ringgit lan sedaya ingkang wonten sambung raketipun kaliyan ringgit inggih menika seni pedhalangan. Ing seni pedhalangan, wonten salah satunggaling perangan ingkang wigatos sanget lan kedah

wonten ing seni pedhalangan. Perangan kasebut kedah dipunajaraken wonten ing pawiyatan *formal*, inggih menika babmata pelajaran basa daerah basa Jawi. Basa Jawi ing seni pedhalangan minangka basa baku ingkang mboten saged dipunpisahaken, amargi basa Jawi menika nggadhahi sambung raketipun kaliyan unggah-ungguh lan tata karma. Jaman sakmenika kathah para mudha ingkang sami kirang mangertosi basa Jawi, kathah ingkang unggah-ungguhing basa menika luput tuladhanipun: “Bapak, kula badhe kondur”. Kedahipun tiyang sepuh menika ngajaraken basa Jawi wiwit lare menika alit, supados mboten kadadosan “Wong Jawa ilang Jawane”.

*Ilmu* seni pedhalangan menika ngginakaken rantamaning basa pedhalangan ingkang ngewrat basa rinengga saking basa Jawi kuna, basa Jawi kawil, basa Jawi ngoko, madya, krama lan sakpanunggalanipun. Basa-basa kasebut karakit dados sastra endah utawi sastra rinumpaka. Seni sastra wonten ing pedhalangan migunani sanget kangge olah sanggit utawi kangge ngolah cariyos.

Kangge mrayitnani prakawiskaderisasi seni pedhalangan, ing tlatah Ngayogyakarta khususipun wonten kathah pawiyatan *formal* saha *non formal* kangge nyianu babagan ilmu seni pedhalangan. Pawiyatan menika ugi minangka sarana *kadherisasi* dhalang saha nyithak calon-calon dhalang. Pawiyatan menika ing antawisipun ingkang *formal* inggih menika SMK (Sekolah Menengah Karawitan Indonesia), ISI (*Institut Seni Indonesia*) jurusan Pedhalangan,

saha ingkang *non formal* ing antawisipun pawiyatan Habirandha lan kathah sanggar-sanggar seni pedhalangan sanesipun ingkang kathah sumebar ing tlatah Ngayogyakarta Hadiningrat. Sedaya pawiyatan menika nggadahi pangangkah supados ngasilaken para ahli wonten ing babagan seni pedhalangan, sae menika saged dados minangka *pelestari* ugi *pengemban* seni pedhalangan ing Ngayogyakarta khususipun. Pawiyatan-pawiyatan menika katujukaken dhateng sedaya tiyang ingkang sampun nggadahi ngelmudhasar bab pedhalangan menapa dene ingkang taksih mbetahaken tambahan-tambahan sanesipun supados nggadahi *predikat* dados dhalang.

Salah satunggaling pawiyatan ingkang nyinau babagan seni pedhalangan inggih menika pawiyatan dhalang Habirandha. Pawiyatan Habirandha menika minangka papan pasinaon pedhalangan wayang purwa gagrak Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Habirandha cekakan saking “*Hamurwani Biwara Rancangan Dhalang*” werdine kirang langkung inggih menika kori pambuka kangge ngrantam, memangun sarta nyinau adeging dhalang. Habirandha menika minangka pawiyatan pedhalangan ingkang wonten ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Pamulangan Habirandha menika dumunung wonten ing Pracimasana Jl. Ratawijayan No.1 Yogyakarta. Pawiyatan menika mligi kangge pasinaon wayang purwa gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat. Pawiyatan menika umum, dipunbikak dhateng sinten kemawon

ingkang remen dhateng wayang lan gadhah pepinginan saged mayang/ndhalang. Pawiyatan menika mboten dipunwatesi yuswa, tiyang enem lan sepuh saged ngangsu kawruh babagan pedhalangan gagrak Ngayogyakarta ing pawiyatan menika.

Pangertosan dhalang miturut Poerwadarminta (1939: 101) inggih menika tiyang ingkang nglampahaken saha nyariyosaken ringgit (topeng, wayang wong lan sakpanunggalanipun). Pakaryan dados dhalang menika secara lisan biasanipun dipunturunaken saking bapak dhateng putranipun. Lajeng miturut Nanda (2010: 16) ngandharaken bilih dhalang menika tiyang ingkang nggadhahi kaprigelan mligi bab nyolahaken ringgit. Wonten pamanggih bilih dados dhalang menika awrat lan mboten gampang satemah dados kathah ingkang mboten remen, amargi menawi dados dhalang menika kathah sangunipun tuladhanipun ngilmu bab cariyos, gendhing, nyolahaken ringgit lan sakpanunggalanipun. Ananging menawi nggadhahi tekad supados nderek nglestantunaken lan ngrembakakaken seni pedhalangan sedaya kalawau saged dipunlampahi kanthi sinau ingkang tekun lan mboten gampang nglokro semangatipun. Amargi sakmenika sampun kathah sarana pendidikan dhalang ingkang umum sampun punsebataken kala wau, kadosta pamulangan dhalang Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat ingkang mboten kaiket dening yuswa, sedaya saged sinau ing pamulangan menika sae ingkang enem menapa dene ingkang sepuh.

Pamulangan dhalang Habirandha menika nggadhahi ancas nyithak calon-calon dhalang ingkang ngginakaken paugeran saha unggah-ungguh gagrag Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Pamulangan menika ugi nglestantunaken lan ngrembakakaken seni pedhalangan ringgit purwa klasik gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat. *Materi* ingkang dipungladhi ing Habirandha sedaya ngelmu dados calon dhalang kadosta cepeng sabet, suluk sekar, dhodhogan lan keprakan, janturan lan antawecana.

Pamongipun saking abdi dalem dhalang Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat lan wonten pamong bantuan saking dinas kebudayaan. Siswanipun saking maneka warna *kalangan* saha *latar belakang* wonten ingkang sepuh, enem, pegawai, wiraswasta, pelajar, mahasiswa lan sakpanunggalanipun, siswa ingkang maneka warni kasebut ingkang njalari bedanipun. Ancasipun sami sinau wonten ing *Habirandha* menika ugi maneka warni, wonten ingkang kepingin dados dhalang, kangge pasrawungan nambah kanca, kangge ngisi wekdal lan supados saged mangertos menawi ningali pagelaran ringgit purwa.

Adhedhasar saking andharan ing nginggil panaliti badhe nлити babagan pamulangan wonten ing pawiyatan dhalang *Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat*. Panaliti ugi kaserat dados siswa aktif wiwit taun 2013, kanthi ningali kawontenan pamulangan ingkang dipunlampahi dening siswa lan pamonging pawiyatan dhalang *Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat*,

panaliti badhe nliti caranipun nyinau ringgit satemah saget manggihaken kados pundi pamulangan wonten ing pawiyatan dhalang *Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat* menika.

Kathah siswa ingkang ndherek sinau wonten ing pawiyatan *Habirandha* menika, amargi *Habirandha* menika minangka pawiyatan *nonformal* ingkang siswanipun mboten winatesing yuswa lan masyarakat nggadhahi pamanggih bilih menawi sianu seni pedhalangan wonten ing *Habirandha* menika kaanggep weton Kraton, satemah panaliti

badhe ngawontenaken

panaliten ingkang langkung lebet

babagan *aspek*

*pendidikan* kadosta ancasing pamulangan, unsur *komponen* pamulangan ing antawisipun *materi, metode, media* pamulangan, *evaluasi, proses* pamulangan lan asiling pasinaon ingkang dipunginaaken wonten ing pawiyatan *Habirandha* menika. Panaliten menika kaajab saged minangka srana nguri-uri kabudayan Jawi khususipun babagan seni pedhalangan saha saged suka tambahing kawruh kagem para sutresna budaya kuhususipun ringgit purwa gagrak Ngayogyakarta Hadiningrat.

## CARA PANALITEN

### Jinising Panaliten

Panaliten bab pamulangan wonten ing *Habirandha* menika kalebet jinising panaliten ingkang ngginakaken *metode penelitian Kualitatif Deskriptif*. Djajasudarma (2010: 16) ngandharaken bilih *panaliten deskriptif* menika

nggambaraken titikanipun *data* kanthi *akurat* jumbuh kaliyan sipat *alamiah*-ipun, saged arupi tembung-tembung utawi gambaran babagan tartamtu.

*Metode kualitatif* menika langkung wigatos wonten ing *proses* tinimbang asilipun. Lajeng *Deskriptif* miturut Moelong (2010: 11) bilih *data* ingkang dipunkempalaken inggih menika arupi tembung-tembung, gambar lan sanes angka, amargi ngginaaken *metode kualitatif*. Ewa semanten sedaya ingkang dipunkempalaken saged dados *kunci* tumrap menapa ingkang sampun dipunteliti. Jumbuh kaliyan pamanggih menika *metode deskriptif kualitatif* wonten ing panaliten menika dipuntindakaken kangge mangertosi babagan *aspek pendidikan* wonten ing pawiyatan dhalang *Habirandha* Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat wiwit saking ancasing pamulangan, *komponen* pamulangan, *proses* pamulangan lan asiling pasinaon.

### Setting Panaliten

Panaliten bab cara pamulangan Dhalang *Habirandha* menika dipuntindakaken wonten ing taun ajaran 2016. Pamulangan menika dipun wontenaken saben dinten senin dumugi jumat kajawi pengetan *libur Nasional* wanci tabuh 19.00 dumugi 22.00. Wonten ing pamulangan Dhalang *Habirandha* menika kaperang dados tigang tataran, tataran sepisan kelas Pemula A, kelas Pemula B lan Kelas Madya. Kelas Pemula A saben dinten senin, rabu, lan kamis, kelas pemula B saben dinten rabu lan jumat, lan kelas Madya saben dinten senin, selasa lan kamis.

Pamong ingkang ngasta wonten enem inggih menika Mas Rio Cerma Kandhawijaya utawi Rama Parjaya S,Sn., Rama Budi Cahyana, Rama Warsita S,Sn., Rama Sri Mulyana Cerma Kartika S.Sn., Rama Mas Penewu Cerma Sutedjo saha Rama K.R.T. Cerma Widyakusuma B.A. Siswa ingkang ndherek wonten ing pamulangan menika kathah para bapak–bapak ingkang sampun makarya, ugi wonten siswa *pelajar* lan *mahasiswa*. Materi ingkang dipun sinau inggih menika Pedhalangan klasik gagrak Ngayogyakarta Hadiningrat.

### **Sumbering Data Panaliten lan Informan Panaliten**

Sumbering *data* panaliten menika inggih menika para siswa, lan pamong Pamulangan Dhalang Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. *Data* ingkang dipunpanggihaken kanthi cara *pengamatan langsung* menapa dene kanthi cara *wawancara* dhateng *informan* ingkang dipunpilih. *Informan* wonten ing panaliten menika siswalan pamong. *Pedhoman* kangge wawanrembag ngginakaken *daftar* pitakonan ingkang sampun dipuncawisaken saderengipun.

*Informan* inggih menika tiyang ingkang saget maringi *informasi* secara cetha lan pratitis babagan panaliten ingkang dipunteliti. *Data* ingkang cetha lan pratitis saget dipunpanggihaken kanthi ngginakaken *Informan kunci* kangge nemtokaken *informan* – *informan* sanesipun. *Informan kunci* wonten ing panaliten menika inggih menika sesepuh wonten ing pamulangan Habirandha. Lajeng

*informan* sanesipun inggih menika sedaya pamong pamulangan dhalang Habirandha, pangarsa pawiyatan lan siswa pamulangan dhalang Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.

### **Cara Ngempalaken Data**

Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika, inggih menika *observasi berpartisipasi* utawi *pengamatan berperan serta*, wawanrembag *sahadokumentasi*.

### **Pirantos Panaliten**

Pirantos panaliten wonten ing panaliten menika inggih menika panaliti piyambak (*Human Instrument*), amargi panaliti secara *langsung* nderek wonten ing pamulangan dhalang menika. Panaliti nggadahi jejibahan minangka *perencana, pelaksana pengumpulan data, penganalisis, penafsir data* lan *pelapor* asiling panaliten. Pramila minangka *human instrumen* panaliti mbetahaken pirantos panaliten ing antawisipun *awujud pedoman observasi, pedoman wawancara, catatan wawancara, kamera saha alat perekam*.

### **Cara Ngalisis Data**

Teknik analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis data *kualitatif*, inggih menika kanthi ndeskripsiaken sedaya ingkang gayut kalia pamulangan wonten ing pawiyatan dhalang Habirandha menika. Teknik *deskriptif kualitatif* menika, *metode* panaliten ingkang mbabar asiling panaliten nalika wawanrembag dhateng *informan*, lajeng sedaya *informasi* ingkang kasil

dipunkempalaken dados setunggal. Panaliti lajeng ndeskripsiaken cara pamulangan wonten ing pawiyatan Dhalang Habirandha. Ingkang pungkasan panaliti mundhut dudutanipun saking sedaya analisis lan asiling data panaliten.

### Cara Ngesahaken Data

*Data* ingkang dipunpanggihaken saha sampun dipunanalisis, salajengipun dipunsahekan kanthi cara *triangulasi data* saha *reliabilitas*. Miturut Moeloeng (2010: 330) triangulasi inggih menika cara kangge mriksani absahing data ingkang migunakaken sanesipun data kasebat kangge mbandingaken kaliyan data ingkang dipunpikantuk. Saking andharan menika saged dipuntegesi bilih *Triangulasi data* inggih menika cara ngecek *data* kanthi nandhingaken sumber ingkang dipunpanggihaken saha cara ingkang dipunginakaken. *Triangulasi* piyambak menika wonten *triangulasi* kanthi sumber, metode, *penyidik* saha teori. Panaliten menika ngginakaken *triangulasi* sumber saha *triangulasi* metode.

### ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat awit dhawuh dalem Sri Sultan Hamengkubuwana VIII nalika tahun 1925 ngawontekanaken pawiyatan kangge pamulangan dhalang *gagrak* Ngayogyakarta Hadiningrat, kanthi ancas nglestantunaken lan ngrembakaaken pedhalangan. Pawiyatan menika, inggih menika pamulangan dhalang *Habirandha*. *Habirandha* cekakan saking *Hamurwani Biwara*

*Rancangan Dhalang*, werdinipun kirang langkung kori pambuka kangge ngrantam, memangun, sarta nyinau adheging dhalang. *Habirandha* menika madeg ing dinten Ahad wage surya kaping 26 Juli 1925 utawi 5 Muharam Taun Be 1856,. *Habirandha* menika dumunung wonten ing Pracimasana Jl. Ratawijayan No.1 Yogyakarta.

*Habirandha* menika nggadhahi kalih penghageng, inggih menika Penghageng KHP (Kawedanan Hageng Punakawan) Kridha Mardawa Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat saha Penghageng Yayasan *Habirandha* piyambak, ingkang pangarsanipun Penghageng KHP (Kawedanan Hageng Punakawan) Kridha Mardawa inggih menika GBPH. Drs. Yudaningsrat, MM. saha ingkang Penghageng Yayasan *Habirandha* inggih menika GBPH. H. Prabukusumo, S.Psi.

Wonten ing pamulangan dhalang *Habirandha* menika ugi wonten pangarsaning pawiyatan utawi *kepala sekolah* ingkang sakmenika dipunsalirani dening panjenenganipun KRT Probo Prayitno, S.E, ingkang sakderengipun dipunasta dening KRT Cerma Widya Kusuma B.A. ananging sakmenika sampun pensiun. Wondene *struktur lembaga* wonten ing *yayasanHabirandha* menika wonten *Kepala TU (Tata Usaha)* saha *Kepala Jurusan Pengajaran.Kepala TU (Tata Usaha)* nggadhahi *staf keuangan, sekertaris saha rumah tangga*, wondene *Kepala Jurusan Pengajaran* nggadhahi *staf* sedaya pamong wiwit kelas pemula A, pemula B, madya, wiyaga saha sindhen utawi waranggana.

## **Ancasing Pamulangan Dhalang**

### ***Habirandha* Kraton**

#### **Ngayogyakarta Hadiningrat**

Pamulangan Dhalang *Habirandha* ingkang cekakan saking *Hamurwani Biwara Rancangan Dhalang*, ingkang werdinipun kirang langkung kori pambuka kangge ngrantam, memangun, sarta nyinau adheging dhalang. Saking werdinipun *Habirandha* menika saged dipunpanggihi bilih ancasing Pamulangan Dhalang *Habirandha* menika kangge mbiwarakaken kados pundi cara nyinau adeding dados dhalang menika. Pawiyatan *Habirandha* menika minangka papan pasinaon seni pedhalangan ingkang nggadhahi ancas nglestantunaken lan ngrembakaaken seni pedhalangan gagrag *Habirandha*, Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.

Ewa semanten ancasing siswa sinau wonten ing pawiyatan *Habirandha* inggih menika ingkang sepisan nguri-uri kabudayan Jawa, ingkang angka kalih saged nambah ilmu lan nggadhahi pangajab saged dados dhalang utawi saged ngringgit, ingkang angka tiga saged srawung kaliyan nambah kanca ingkang dereng tepang saged tepang, ingkang kaping sekawan saged mangertos unggah-ungguhing wonten ing Kraton.

## **Komponen Pamulangan Dhalang**

### ***Habirandha* Kraton**

#### **Ngayogyakarta Hadiningrat**

##### **Pamong/ guru**

Pamong ingkang mucal wonten ing pamulangan dhalang *Habirandha* Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat saperangan ageng inggih menika abdi dalem dhalang wonten

ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat saha ugi sampun dipunakeni dening masyarakat. Pamongipun saperangan ugi saking abdi dalem karawitan lan ugi wonten ingkang bantuan saking Dinas Kebudayaan Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.

Pamong ingkang ngasta woten ing *Habirandha* inggih menika kelas pemula A dipunesuhi dening Mas Rio Cerma Kandhawijaya utawi Rama Parjaya S,Sn., Rama Budi Cahyana, lan Rama Warsita S,Sn., kelas pemula B dipunesuhi dening Rama Sri Mulyana Cerma Kartika S.Sn., lan kelas madya dipunesuhi dening Rama Mas Penewu Cerma Sutedjo saha Rama K.R.T. Cerma Widyakusuma B.A. ingkang ugi nate ngasta dados pangarsa pamulangan *Habirandha*.

##### **Siswa**

Siswa ingkang ndherek wonten ing pawiyatan *Habirandha* menika ingkang kacathet wonten ing tahun 2016, siswa kelas pemula A kacathet wonten 31 siswa ananging ingkang aktif wonten 19 siswa, kelas pemula B wonten 7 siswa, kelas madya wonten 13 siswa dados sedaya wonten wonten 39 siswa. Siswa ing pawiyatan *Habirandha* menika wonten kakung, estri, sepuh, enemsaha wonten ingkang sampun makarya, ugi wonten *pelajarsartamahasiswa*. Siswa menika saking tlatah Ngayogyakarta Hadiningrat, wonten ugi ingkang saking Jawi Tengah saha manca negari.

##### **Materi Pamulangan**



Pengantar *materi* ingkang dipunwucalaken ing pamulangan dhalang ing Habirandha menika dipunpendhet saking buku *Pedhalangan Ngayogyakarta jilid 1*, buku menika kawedalaken dening Yayasan Habirandha Ngayogyakarta kaserat taun 1977. Buku menika minangka gegaran baku wonten ing pamulangan Habirandha wiwit tahun 1977 dumugi taun 2016 menika. Kejawi saking buku *Pedhalangan Ngayogyakarta jilid 1* menika ugi wonten diktat lampahan pakeliran ringgit ringkes lampahan “*Aji Narantaka*” ingkang dipundamel dening para pamong.

*Materi* pasinaon ingkang dipunwucalaken wonten ing pamulangan dhalang Habirandha kelas pratama A saged kaperang dados *materi teori* lan *materi praktek*. antawisipun *materi teori* kaliyan *praktek* menika kathah *praktek*-ipun, wonten *teori* menika namung *teori* pendukung *praktek*, satemah sekedhik *teori*-nipun. *Teori* pendukung *praktek* menika dipunparingaken rumiyin, saksampunipun *teori* pendukung *praktek* menika dipunparingaken lajeng dipunpraktekaken.

*Materi teori* ingkang dipunwucalaken wonten ing pamulangan dhalang Habirandha inggih menika kawruh dhasar pedhalangan, tatakrama, simpingan lan pangrakiting panggung sarta gangsa. *Materi praktek* ingkang dipunwucalaken wonten ing pamulangan dhalang Habirandha inggih menika janturan, kandha carita lan antawacana, suluk sekar, cepengan sabetan, dhodhogan lan keprakan, iringankarawitan saha pakeliran.

### **Metode Pamulangan**

*Metode* pamulangan dipunbetahaken nalika guru mucal dhateng siswa, amargi kanthi menika saged nggampilaken siswa anggenipun nampi *materi*. *Metode* pamulangan menika kadosta *metode ceramah, demonstrasi, tanya jawab, latihan, tugas, simulasi* lan sanesipun. *Metode-metode* menika ingkang asring dipunginaaken dening pamong dhateng siswanipun, *metode* menika kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. *Metode ceramah*, pamong ngandharaken *materi* kanthi cara lesan nalika miwiti pamulangan, ngandharaken *materi* pasinaon, paring pandangon, pamrayogi lan panyaruwe saha nalika mungkasi pamulangan.
- b. *Metode demonstrasi*, pamong ngandharaken *materi* kanthi cara mraktekaken lan paring tuladha dhateng siswa umpaminipun babagan janturan, antawecana, suluk sekar, cepengan sabetan, dhodhogan keprakan, lan sanesipun. Siswa lajeng majeng maraktekaken menapa ingkang sampun dipuntuladhaaken dening pamong setunggal mbaka setunggal.
- c. *Metode tanya jawab*, dipunginaaken dening pamong supados mangertosi *tingkat* pangertosan lan kabisan siswa dhateng *materi* ingkang sampun dipunwucalaken, kanthi paring pandangon dhateng siswa babagan *materi* ingkang sampun dipunandharaken utawi menawi siswa wonten *materi* ingkang dereng jelas saged dipunsuwunaken pirsu.

- d. *Metode latihan*, pamong ndawuhaken dhateng siswa supados asring *latihan materi-materi* ingkang sampun dipunwucalaken sae menika *latihanpratek* pakeliran menapa dene nyinau *teori* babagan kawruh pedhalangan.
- e. *Metode tugas*, pamongsasampunipun pamulangan maringaken *tugas* dhateng siswa supados dipunlampahi wonten ing dalem.
- f. *Metode simulasi*. pamong paring tuladha satunggaling satunggaling adhegan wonten ing pakeliran saha caranipun nyolahaken lan nywantenaken ringgit, lajeng para siswa niruaken ingkang sampun dipuntuladhaaken. Siswa ugi anggenipun *praktek* menika kedah saged ngraosaken supados raos adhegan saged nges utawi kraos.

### **Media Pamulangan**

Supados nggangsaraken *proses* pamulangan lan nggampilaken anggenipun ngandharaken *materi* kejawi ngginaaken *metode* temtu kemawon mbetahaken *media* pasinaon. Wonten ing pamulangan dhalang *Habirandha* menika ugi ngginaaken *media* pasinaon amrih nggampilaken para siswa anggenipun sinau. Pirantos ingkang dipunginaaken wonten ing pamulangan *Habirandha* inggih menika mliginipun gawang kelir, debog, ringgit, kothak ringgit, keprak, gangsa komplit, menawi suluk sekar ingkang dipuncawisaken gangsa, mliginipun gender. Saksanesipun pirantos-pirantos menika awit kemajenganipun jaman

sakmenika ugi dipuntambah *media audio lan visual* kangge mbiyantu wonten ing pamulangan.

### **Evaluasi Pamulangan**

*Evaluasi* wonten ing pamulangan dhalang *Habirandha* kelas pratama A menika kangge ngukur kasagedan lan gegancangan siswa anggenipun nindakaken pethilan utawi *fragmen* pakeliran Aji Narantaka. Wonten ing lampahan Aji Narantaka menika kaandhut perangan *materi* pasinaon ing antawisipun anggenipun ngginakaken busananing dhalang gagrag Ngayogyakarta ingkang leres, unggah-ungguh lan tata karma ngayahi pakeliran, suluk sekar, cepengan sabetan, janturan, pocapan, anta wacana, gendhing pakeliran lan dhodhogan keparakan. *Evaluasi* menika ancasiipun supados pamong saged mangertosi *tingkat* kasagedan para siswanipun. *Evaluasi* wonten ing pamulangan dhalang *Habirandha* kelas pratama A menika saged kaperang dados kalih inggih menika *evaluasi* nalika pamulangan lan pendadaran.

### **Proses Pamulangan**

*Proses* pamulangan wonten ing pawiyatan *Habirandha* kelas pemula A ingkang dipuntindakaken dening pamong kabagi dados pamulangan *teori* saha pamulangan *praktek*. Wonten ing pamulangan *teori* menika wonten *materi* babagan kawruh pedhalangan, tatakrama, simpingan, pangrakiting panggung sarta gangsa, lajeng ingkang *materi praktek* wonten janturan, kandha carita, suluk sekar, cepengan sabetan, dhodhogan keprak, iringan karawitan lan pakeliran. Lampahing

pamulangan wonten ing babagan *teori* namung winates ngrembag wonten ing babagan kawruh pedhalangan lan *teori* pendukung *praktek*. Ewadene ingkang pamulangan *praktek*, *proses* pamulanganipun mraktekaken sedaya materi ingkang kalebet materi *praktek*.

### **Asiling Pasinaon**

Pamulangan dhalang Habirandha wonten ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat nggadahi asil ingkang sae tumrap siswa ingkang ndherek pasinaon menika. Asil ingkang saged dipunpanggihi wonten ing pamulangan dhalang Habirandha menika antawisipun wonten ing ngandhap menika.

a. Mangertosi kawruh ingkang kedah dipunkuwaosi menawi dados dhalang

Siswa ingkang ndherek wonten ing pamulangan dhalang Habirandha menika menawi sampun lulus lan tuntas anggenipun pasinaon, badhe mangertosi kawruh-kawruh ingkang kedah dipunkuwaosi menawi dados calon dhalang. Amargi ingkang nyebat dhalang menika mangkih menawi sampun wonten ing masyarakat. Menawi nembe lulus saking pawiyatan dhalang Habirandha menika nembe calon dhalang.

b. Ngasilaken calon-calon dhalang gagrak Ngayogyakarta Hadiningrat

Asiling pamulangan ingkang dipuntampi siswa awujud katrampilan nindakaken pakeliran gagrag Ngayogyakarta satemah ngasilaken calon-calon dhalang gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat. Lajeng menika kantun siwanipun

badhe dados dhalang menapa namung kangge karemenan kemawon. Panci leres menawi dados dhalang menika awrat kedah sangunipun kathah lan kedah mangertosi maneka warni kawruh.

c. Nuwuhaken raos supados nglestantunaken kabudayan Jawi

Siswa ingkang ndherek pamulangan dhalang Habirandha menika ewadene mboten ketingal, ananging sampun ndherek ngleluri saha nglestantunaken kabudayan

Jawi. Wonten siswa ingkang sakderengipun ndherek pasinaon wonten ing Habirandha menika menawi ningali pagelaran ringgit menika mboten mangertos cariyosipun lan dereng saged ngikuti cariyosipun. Saksampunipun ndherk pasinaon wonten ing Habirandha lajeng saged mangertosi lan saged nderek *alur*-ipun cariyos utawi lampahan.

### **DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI**

#### **Dudutan**

Panaliten menika ngrembag babagan pamulangan dhalang wonten ing pawiyatan *Habirandha Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat*. Wonten ing panaliten menika namung winates wonten ing pamulangan salebeting kelas pemula A. Saking andharan ingkang sampun kababar ing inggil saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

Ancasing pamulangan dhalang *Habirandha* Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat inggih menika, *Habirandha cekakan saking Hamurwani Biwara Rancangan Dhalang*, ingkang werdinipun kirang langkung kori pambuka kangge ngrantam, memangun, sarta nyinau

adheging dhalang. Saking werdinipun *Habirandha* menika saged dipunpanggihi bilih ancasipun pamulangan dhalang *Habirandha* menika kangge mbiwarakaken kados pundi cara nyinau adeding dados dhalang menika satemah pedhalangan gagrag Kratong Ngayogyakarta Hadiningrat saget tansah lestantun saha ngrembaka.

Komponen pamulangan dhalang *Habirandha* Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat inggih menika, pamong utawi guru ingkang ngasta wonten ing *Habirandha* inggih menika kelas Pemula A dipunesuhi dening Mas Rio Cerma Kandhawijaya utawi Rama Parjaya S,Sn., Rama Budi Cahyana, lan Rama Warsita S,Sn. Pamongipun saperangan ugi saking abdi dalem dhalang, karawitan lan ugi wonten ingkang bantuan saking Dinas Kebudayaan Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.

Siswa ingkang ndherek wonten ing pawiyatan *Habirandha* menika ingkang kacatet wonten ing tahun 2016 menika siswa kelas pemula A kacatet wonten 31 siswa ananging ingkang aktif wonten 19 siswa, kelas pemula B wonten 7 siswa, kelas madya wonten 13 siswa dados sedaya wonten wonten 39 siswa.

*Materi* pamulangan ingkang dipunwucalaken ing pamulangan dhalang *Habirandha* menika dipunpendhet saking buku *Pedhalangan Ngayogyakarta jilid 1*, buku menika kawedalaken dening Yayasan *Habirandha* Ngayogyakarta kaserat taun 1977. Buku menika kaserat dening Drs. R.M. Mudjanattistomo, R. Ant. Sangkono Tjiptowardoyo, R.L. Radyomardowo,

lan M. Basirun Hadisumarto. Kejawi saking buku *Pedhalangan Ngayogyakarta jilid 1* menika ugi wonten diktat lampahan pakeliran ringgit ringkes kanthi lampahan "*Aji Narantaka*" ingkang dipundamel dening para pamong. Wonten ing panaliten menika namung winates wonten ing pamulangan salebeting kelas pemula A.

*Materi* pasinaon ingkang dipunwucalaken wonten ing pamulangan dhalang *Habirandha* kelas pemula A saged kaperang dados *materi teori* lan *materi praktek*. *Materi ingkang teori* inggih menika kawruh dhasar pedhalangan, tatakrama, simpingan lan pangrakiting panggung sarta gangsa, dene ingkang *materi praktek* inggih menika janturan, kandha carita lan antawacana, suluk sekar, cepengan sabetan, dhodhogan lan keprakan, iringan karawitan saha pakeliran.

*Metode* Pamulangan ingkang dipunginaaken dening pamong *habirandha* inggih menika *metode ceramah, metode demonstrasi, metode tanya jawab, metode latihan, metode tugas, metode simulasi*.

*Media* Pamulangan ingkang dipunginaaken awujud piranti kadosta gawang kelir, debog, ringgit, kothak ringgit, keprak, gangsa komplit ugi dipuntambah *media audio lan audio visual* kangge mbiyantu wonten ing pamulangan.

*Evaluasi* pamulangan wonten ing *Habirandha* katindaaken nalika *proses* pamulangan lan pendadaran. Pendadaran menika ujian ingkang katindaaken wonten ing sasi desember utawi pungkasaning tahun ajaran, kangge nemtoaken inggah-inggahan kelas saha kelulusan.

*Proses* pamulangan wonten ing pawiyatan *Habirandha* kelas pemula A ingkang dipuntindakaken dening pamong kabagi dados pamulangan *materi teori* saha pamulangan *materipraktek*.

Asiling pasinaon wonten ing pawiyatan dhalang *Habirandha* Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat inggih menika.

- a. Mangertosi kawruh ingkang kedah dipunkuwaosi menawi dados dhalang,
- b. Ngasilaken calon-calon dhalang gagrak Ngayogyakarta Hadiningrat,
- c. Nuwuhaken raos supados nglestantunaken kabudayan Jawi.

#### **Pamrayogi**

Pamrayogi tumraping gangsaripun pamulangan wonten ing pawiyatan *Habirandha* Kraton Ngayogyakarta ing saklajengipun inggih menika :

- a. Tumrap pamong pamulangan dhalang *Habirandha* anggenipun mucalakensaged ngginaaken *media* pamulangan ingkang langkung enggal nut lakuninjaman sakmenika supados nggampilaken siswa anggenipun nampi *materipamulangan*.
- b. Tumrap pamong pamulangan dhalang *Habirandha* anggenipun mucal dipunkathahi *variasimetode* pamulanganipun supados mboten *monoton* lan langkung variatif.
- c. Wonten ing pamulangan menika prayoginipun dipundamel *silabus* pamulangan kados wonten ing pawiyatan *formal*, supados ancasing pamulangan saged langkung kacepeng lan kasembadan.

d. Panaliti wonten panalten menika namung niti babagan pamulangan ingkang kaperang saking ancasing pamulangan, *komponen* pamulangan, *proses* pamulangan saha asiling pasinaon. Satemah prayoginipun wonten panaliten saklajengipun supados kapanggihaken asil ingkang langkung sae saha lebet.

#### **KAPUSTAKAN**

- Djajasudarma, Fatimah. 2010. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT. Refika Aditama
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif (Edisi Revisi)*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mudjanattistomo, dkk. 1997. *Pedhalangan Ngayogyakarta Jilid I*. Ngayogyakarta: Yayasan Habirandha.
- Nanda MH. 2010. *Ensiklopedi Wayang*. Yogyakarta. Absolut.
- Palgunadi, Bram. 2002. *Serat Kandha Karawitan Jawi*. Bandung : Penerbit ITB.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *BaoesastraDjawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters'Uirgevers Maatschappij N.V.
- Samsugi, Sagio. 2015. *Wayang Kulit Gagrag Ngayogyakarta*. Yogyakarta: Dinas Dikpora DIY.

**Bahan Pembelajaran:**

Diktat Bahan Pembelajaran Bagi Siswa  
Habirandha Tingkat Pemula/ Pertama  
*Lampahan Aji Narantaka*. Pamulangan  
Dhalang Habirandha Kraton  
Ngayogyakarta  
Hadiningrat.